



Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri Timoun yo la! Sèvi ak lajan sibvansyon sa a pou fè amelyorasyon nan pwogram ou an oswa ede li refè anba ijans sante piblik COVID-19 la.

Sibvansyon sa yo se yon investisman istorik nan domèn gadri timoun. Pwofite opòtinite inik sa a epi aplike!

Opsyon: Sipò sante mantal pou timoun ak anplwaye yo

Sèvi ak lajan sibvansyon nan opsyon sa a pou peye pou bagay tankou:

- Sipò sante mantal pou timoun (Konsiltasyon Sante Mantal pou Timoun Piti ak Ti Bebe – ITMHC, Konsiltasyon Sante Mantal Bonè sou Timoun Piti – ECMHC)
- Konsiltasyon sou sante mantal ak lòt kalite sipò sante mantal pou anplwaye yo (fòmasyon ak devlopman anplwaye yo – antrene, ranfòsman ekip, rezistans ak jesyon estrès, estrikti anplwaye ak orè, materyèl ak founiti pwogram lan, tankou yon bibliyotèk sou sante mantal oswa jwèt pou pwovoke konvèsasyon sou emosyon ak estrès)
- Angajman Familyal (konferans paran/ pwofesè, liv ak lòt materyèl timoun yo ka ale lakay yo ak yo, aktivite tankou sware jwèt an fanmi)

Pa bliye dokimante!

- Ou pa bezwen voye resi oswa fakti, men ou **DWE** dokimante kijan ou depanse lajan sibvansyon ou an.
- Ou dwe kenbe resi ou yo ak dokiman dosye a, nan yon katab oswa yon fason elektwonik, pou omwen senk (5) lane.

Ki kote mwen dwe ale pou aplikasyon an, pou plis enfòmasyon, ak mizajou?

- Sit Entènèt Sant Èd Estabilizasyon an (aplikasyon/vidèyo sou entènèt ki dekri tout 8 opsyon yo): ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/
- Ajans lokal Resous ak Referans sou zafè Gadri Timoun ou an: ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php
- Sosyete Lojman ak Devlopman Ekonomik pou Fanm: whedco.org
- Ajans enskripsyon w lan (Enrollment Agency, EA)
- Reprezantan sendika w la